



DEKLARASYON INIVÈSEL Dwa Moun

“Peyi Dayiti te siyen nan lane 1989”

Atik 1

Tout moun sou tè a fèt tou lib ak menm valè epi menm dwa devan lalwa.

Atik 2

Chak moun sou tè a fèt egalego san okenn diferans.

Atik 3

Se dwa chak moun pou li konsève lavi li, konsève libète li epi pwoteje tèt li.

Atik 4

Pèsonn pa gen dwa fè okenn moun tounen esklav ni fòse okenn moun fè yon travay. Pa fèt pou gen ni esklavaj, ni komès esklav, kèlkeswa jan y ap fèt la.

Atik 5

Pèsonn pa gen dwa fè moun pase mizè, ni fè vyolans, ni fè li sibi ankenn soufrans.

Atik 6

Chak moun gen yon seri dwa lalwa ba li. Dwa sila yo fèt pou respekte toupatou sou tè a.

Atik 7

Tout moun egalego devan lalwa. Lalwa fèt pou bay tout moun menm pwoteksyon, san

distenksyon. Pa gen moun ki pi gran ni piti devan lalwa.

Atik 8

Se dwa chak moun pou otorite lajistis pwoteje li san patipri.

Atik 9

Pèsonn pa gen dwa arete yon moun, mete li nan prizon ni ekzile li san rezon.

Atik 10

Lajistis fèt pou jije kòz chak moun byen klè.

Atik 11

1- Si yon moun ta akize pou move zak, fòk tribinal la bay moun nan tout mwayen pou li defann tèt li.

2- Youn moun pa koupab toutotan tribinal pa kondane li.

Atik 12

Tout moun dwe respekte lavi prive lòt moun. Lajistis fèt pou pwoteje chak moun kont zak foyapòt ak medizan malpalan. *(rezime)*

Atik 13

1- Chak moun gen dwa pou li sikile lib, epi rete kote li vle selon lalwa.

2- Tout moun gen dwa kite nenpòt ki peyi, pou li retounen nan peyi li, lè li vle.

Atik 14

1- Lè gen pèsekisyon, tout moun gen dwa chache refij ak pwoteksyon nan anbasad oswa teritwa yon lòt peyi. Dwa sa a pa sèvi pou kriminel lalwa kondane, ni pou lòt moun ki vyole prensip Nasyonzini yo.

Atik 15

1- Se dwa chak moun pou li gen yon nasyonalite.

2- Pèsonn pa ka wete nasyonalite yon moun nan men li.

Atik 16

1- Gason ak fi majè gen dwa marye epi fonde yon fanmi jan yo vle; tou de gen menm dwa.

2- Pèsonn pa gen dwa fòse pèsonn marye.

3- Maryaj se asosiyasyon ki gen anpil konsekans nan lasosyete. Lifèt pou benefisyè pwoteksyon lasosyete ak leta.

Atik 17

Tout moun gen dwa posede yon byen, poukont li oswa ak lòt moun. Pèsonn pa ka wete byen nan men li.

Atik 18

Chak moun gen dwa gen lide ki nan tèt pa li, konviksyon ak relijyon li vle.

Atik 19

Se dwa chak moun pou li gen fason panse pa li epi pou li gen dwa lapawòl. Pèsonn pa gen dwa mete baboukèt nan bouch pèsonn.

Atik 20

1- Chak moun lib fè reyinyon ak patisipe nan asosiyasyon san pèsonn pa fòse li.

Atik 21

1- Tout moun gen dwa patisipe nan zafè leta peyi li.

2- Tout moun gen dwa travay nan leta san piston parenn oswa patisipe nan eleksyon.

3- Se pèp ki gen pouvwa pou li chwazi nan eleksyon lib ak onèt, dirijan li vle selon konstitisyon peyi li.

Atik 22

Se dwa chak moun, kòm manm nan sosyete a, pou leta ba li garanti sekirite sosyal, sa ak satisfaksyon tout bezwen ekonomik, sosyal ak kiltirel li bezwen pou li viv selon fòm òganizasyon ak resous peyi li.

Atik 23

1- Chak moun gen dwa chwazi travay li vle fè a, nan bon kondisyon .

2- Se dwa tout moun ki fè menm kalite ak menm kantite travay, pou yo touche menm salè, san fòs kote.

3- Se dwa chak moun k ap travay pou li touche salè ki koresponn ak travay l ap fè a.

4- Tout moun gen dwa pou fonde ak lòt moun sendika oswa antre nan sendika ki la deja pou defann enterè pa yo.

Atik 24

Tout moun gen dwa pran repo epi jwenn tan pou li pran plezi li epi gen peryòd konje peye nan travay li.

Atik 25

1- Se dwa chak moun pou li gen ase mwayen pou li bay tèt li ak fanmi li tout kalite swen nesèsè tankou manje, rad, kay, doktè ak tout lòt sèvis sosyal ki nesèsè.

2- Se dwa fi kap akouche ak ti bebe nan kouchèt



pou yo jwenn asistans ak pwoteksyon espesyal.

Atik 26

1- Se dwa tout moun pou yo ale lekòl. Lekòl leta fèt pou gratis sitou lekòl fondamantal. Lekòl elemantè fèt pou li obligatwa.

2- Edikasyon fèt pou vize devlopman pèsonalite moun epi ranfòse respè Dwa Moun ak libète ki fondamantal yo. Li fèt pou fasilite antant, tolerans ak zanmitay, donnen nan mitan tout peyi, tout kalite ras moun, tout kalite relijyon. Edikasyon fèt pou ede Nasyonzini travay pou mentni lapè sou tè a.

3- Manman ak papa se premye moun ki gen dwa decide ki kalite edikasyon yo ta renmen pitit yo resevwa.

Atik 27

1- Se dwa chak moun pou li decide patisipe pa nan aktivite kiltirel kominote a.

2- Chak moun gen dwa defann enterè lalwa rekonèt li genyen ak lòt avantaj vizib ki sòti

nan nenpòt ki aktivite lasyans oswa travay atis entelektyèl kap ekri liv.

Atik 28

Se dwa chak moun pou li fè presyon sou lasosyete pou li jwenn dwa ak libète ki pale nan Deklarasyon Dwa Moun sila.

Atik 29

1- Chak moun gen yon seri obligasyon anvè kominote kote lap viv la.

2- Tout moun dwe ekzèse dwa ak libète li epi dwe respekte dwa ak libète lòt moun epi lalwa nan yon sosyete kote yo pratike demokrasi.

3- Kelkeswa sikonstans la, dwa ak libète sa yo fèt pou respekte visyon ak prensip Nasyonzini yo.

Atik 30

Deklarasyon sa a pa aksepte ni otorize yon nasyon, yon gwoup moun, oswa yon endividi chache detwi dwa ak libète ki nan Deklarasyon sila a.

